

**KATRESNAN MINANGKA KAKUWATAN WANODYA
(DHEKONSTRUKSI TUMRAP TEKS ASMARASUPI)**

NUZULLAH ROHMAH MALIATI

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

nuzullah06@gmail.com

ABSTRAK

Teks *Asmarasupi* mujudake salah sawijine wiracarita sajrone kasusastran Jawa Anyar, teks iki nyritakake ngenani kaprawirane Raden Asmarasupi minangka satriya. Bab kaprawiran sajrone wiracarita kuwi minangka tema kang utama, saengga kalungguhane paraga utama priya ing kene mujudake bab kang ditengenake. Beda karo kalungguhane paraga wanodya kang isih katon dikiwakake sajrone carita. Perangan iki nuduhake yen ana saperangan oposisi sajrone teks *Asmarasupi*. Teks iki uga nuduhake anane kakuwatan wanodya kang kagambar lumantar katresnane. Underan panliten kanthi tintingan dhekonstruksi sajrone teks *Asmarasupi* sesambungan karo: 1) kalungguhane paraga utama priya lan paraga wanodya, 2) karakterisik paraga wanodya, 3) katresnane paraga wanodya. Tujuwan panliten: 1) ngandharake kalungguhane paraga utama lan paraga wanodya, 2) ngandharake karakterisik paraga wanodya, 3) ngandharake katresnane paraga wanodya. Paedah panliten iki tumrape pamaca bisa nambah kawruh. Tumrape panliten lan piwulangan sastra mligine mahasiswa, bisa migunani kanggo panliten sabanjure. Saliyane dhekonstruksi, panliten iki uga mbutuhake pambiyantune pamarekan struktural. Struktur mujudake perangan kang wigati kanggo mangerteni sesambungan antarane unsur siji lan liyane kang bakal nuwuhake makna. Cara maca dhekonstruksi sajrone panliten iki, katindakake kanthi menahi kawigaten tumrap gejala-gejala kang kasingitake utawa kang sengaja disingitake, yaiku ngenani kakuwatan wanodya kang kagambar lumantar katresnane. Jinise panliten deskriptif kualitatif. Sumber dhata sajrone panliten yaiku teks *Asmarasupi* anggitané Pakubuwana IX kang wus dialih aksara dening Mulyono Sastronaryatmo.

Asil panliten iki ngandharake: 1) kalungguhane paraga utama yaiku Raden Asmarasupi kang tansah ditengenake lan kalungguhane paraga wanodya kang dikiwakake. Perangan iki minangka oposisi sajrone teks AS; 2) malik *previlise* paraga wanodya lan nuduhake yen dheweke minangka paraga kang wigati sajrone carita. Ing kene kalungguhane paraga wanodya kang dikiwakake bakal diwalik kanthi anane konsep *decentring*; 3) katresnane paraga wanodya kang diandharake lumantar tanggung jawab lan rasa setyane. Perangan iki nuduhake anane gagasan anyar kang ngantonake yen katresnane wanodya kuwi luwih utama tinimbang priya.

Tembung wigati: Dhekonstruksi, Kaprawiran, Katresnan, Wanodya

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Wiracarita wiwitane tuwuh sajrone tradhisi lisan, banjur uga ngrembaka sajrone tradhisi sastra tulis kanthi jinis *heroic literature* utawa sastra pahlawan (Purnomo, 2014:128). Bisa dingerteni yen wiracarita mujudake carita kang *populer* ing kasusastran Jawa. Sajrone wiracarita kuwi ana sawijine aspek kang ditengenake, yaiku ngenani kaprawirane paraga utama priya minangka kasatriya. Laras karo pamawase Sutanto (sajrone Budianta. 2010:96) kang ngandharake yen kesastraan Jawa kerep dianggep ngutamakake paraga

priya. Priya yaiku pawongan kang luwih kuwat, dominan, sampurna, kasatriyan, lan luwih nemtokake. Sawalike, paraga wanodya kerep didadekake minangka kanca wingking utawa suwarga nunut neraka katut.

Bab pambada antarane priya lan wanodya iki uga katemokake sajrone teks *Asmarasupi*. Teks *Asmarasupi* mujudake wiracarita kang ngrembaka ing periode sastra Jawa Anyar, isine nyritakake kepahlawanane Raden Abdullah Asmarasupi utawa Raden Arya Jayengtilam putrane Ratu Bandaralim kang ngumbara kanggo nyinaoni bab agama Islam. Laras karo pamawase Behrend (sajrone Suwarni, 2016:103)

ngandharake yen Imam Sujana utawa Raden Jayengtilam saka nagari Bandar Alam arep didadekake Ratu, nanging dheweke ora gelem jalaran luwih seneng ngumbara nyinaoni agama. Kaprawirane Raden Asmarasupi katon nalika bisa ngalahake para mungsuhe sajrone paprangan, saengga dheweke bisa pikantuk bebana kanggo sesandhingan karo paraga wanodya minangka sisihane.

Kalungguhane wanodya kang didadekake bebana kuwi nuduhake yen pranyata sajrone teks *Asmarasupi*, wanodya namung diwenehi pandhapuk minangka paraga geganep. Beda karo kalungguhane paraga priya kang diwenehi kawigaten linuwih, jalaran dheweke nduweni saperangan sipat-sipat kaprawiran. Perangan iki nuduhake yen ana *oposisi biner* antarane paraga utama priya karo paraga wanodya sajrone teks *Asmarasupi*. *Oposisi biner* iki gegayutan karo kalungguhane paraga priya minangka kasatriya lan paraga wanodya minangka bebana.

Pandhapuke wanodya minangka bebana kanggo para kasatriya mujudake bab kang nuduhake yen wanodya kuwi nduweni kautaman, jalaran dheweke bisa menahi pangaribawa tumrap tumindake priya. Laras karo pamawase White lan Hastuti (sajrone Handayani, 2004:14) kang ngandharake yen kakuwatan wanodya kang disingitake sajrone alam domestik, nduweni tatanan kang dikiwakake. Bab iki ndadekake anane pamikiran ngenani *ideologi* kang ngutamakake priya dadi *dominasi publik*, nanging dening wanodya Jawa kahanan kaya mangkene bisa diwenehi pangaribawa tumrap pangrampungke sawijine bab, kanthi migunakake wewatak *feminim* kang dadi darbeke wanodya Jawa. Tegese wanodya kuwi nduweni kakuwatan kang *implisit* kanggo bisa menahi pangaribawa tumrap tumindake priya kanggo ngrampungake sawijine bab. Saengga bisa dingerteni yen wanodya kuwi nduweni saperangan kautaman, senajan ora diandharake kanthi cetha. Bab iki uga nuduhake anane perangan kang kasingitake ngenani pandhapuke paraga wanodya.

Perangan kang kasingitake ngenani pandhapuke paraga wanodya uga kagambar lumantar sesambungan katresnane karo paraga utama priya, jalaran wanodya nduweni kalungguhan minangka sisihan. Katresnane paraga wanodya kuwi mujudake kakuwatane kanggo bisa nindakake panguripane kang kasengsaran. Lumantar katresnane paraga wanodya bisa ngrasakake bungah lan susah, dheweke uga mujudake paraga kang bisa migunakake katresnane minangka sisihan. Kalungguhane minangka sisihan bisa dadi kakuwatane kanggo nuduhake kautamane. Sesambungan katresnane karo paraga utama priya uga ndadekake paraga priya pikantuk kasekten minangka kagunane kanggo ngalahake para mungsuhe. Bab kasebut nuduhake yen minangka satriya, pranyata paraga utama uga mbutuhake pitulungane paraga-paraga wanodya minangka sisihane. Perangan iki ngatonake anane perangan kang kasingitake utawa sumirat ngenani kaprawirane paraga utama, jalaran kalungguhane minangka satriya kang diwenehi pangaribawa saka anane paraga-paraga wanodya. Anane *Oposisi biner* lan bab-

bab kang sumirat iki mujudake perangan saka pamarekan dhekonstruksi.

Dhekonstruksi mujudake teori kang nengenake bab-bab kang kurang wigati, kaya anane paraga-paraga wanodya sajrone teks *Asmarasupi*. Laras karo pamawase Ratna (2013:225) ngandharake yen cara kang ditindakake nalika nggunakake titingan dhekonstruksi yaiku mangerteni uga ngandharake perangan kang kurang wigati, kayata: catatan kaki, paraga tambahan, tema minor, paraga wanodya. Dhekonstruksi bisa ditegesi minangka model analisis kanggo maca teks kanthi tujuan ngatonake anane *logika* utawa *retorika* kang ora laras antarane perangan-perangan kang sinurat utawa *eksplisit* lan perangan-perangan kang sumirat utawa *implisit* sajrone teks.

Kajian dhekonstruksi sajrone karya sastra dudu minangka usaha kanggo nemtokake makna tunggal sajrone teks, nanging mujudake upaya kanggo ngandharake perangan *kontradiktif* kang disingitake sajrone teks. Choi (sajrone Aminuddin, 1999:295) ngandharake yen anane oposisi biner sajrone analisis teks kang katindakake kanthi menahi gambaran medhan semantik lumantar cara *berlawanan*. Anane *oposisi biner* kasebut adhedhasar saka konsep yen pawongan ora bisa ngolehake gambaran makna sajrone tembung tanpa ngerteni makna tembung kang dadi makna *oposisine*. Saengga anane *oposisi biner* lan bab-baba kang sumirat ngenani paraga wanodya mau mujudake perangan kang wigati sajrone pamarekan dhekonstruksi.

Paraga wanodya pranyata bisa migunakake katresnane kanggo bisa menahi pangaribawa tumrap tumindake priya minangka sisihane. Katresnane wanodya uga minangka kakuwatane kanggo bisa nindakake tanggung jawabe minangka sisihan. Ora kabeh paraga wanodya sajrone teks *Asmarasupi* iki bakal dianalisis. Mung paraga-paraga wanodya tertamtu, antarane yaiku Ratna Candrapuspita, Retna Ambarolah, lan Prabasmara kang katelune minangka sisihane Raden Asmarasupi. Pamilihe telung paraga iki adhedhasar saka pawadan anane sasambungan katresnan karo paraga utama kang ora liya yaiku Raden Asmarasupi.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar lelandhesane panliten ing dhuwur bisa kadudut yen underane panliten kanthi titingan dhekonstruksi sajrone teks *Asmarasupi* kuwi sesambungan karo:

- 1) Kepriye kalungguhane paraga utama lan paraga wanodya?
- 2) Kepriye karakteristik paraga wanodya?
- 3) Kepriye katresnane paraga wanodya?

ANCASE PANLITEN

Adhedhasar underane panliten, bisa kadudut ngenani ancase panliten yaiku:

- 1) Ngandharake kalungguhane paraga utama lan paraga wanodya sajrone teks *Asmarasupi*.
- 2) Ngandharake karakteristik paraga wanodya sajrone teks *Asmarasupi*.

- 3) Ngandharake katresnane paraga wanodya sajrone teks *Asmarasupi*.

PAEDAHE PANLITEN

Saperangan paedah kang ana ing panliten iki antarane yaiku:

- 1) Tumrap panliten sastra, panliten iki dikarepake bisa menehi paedah marang panliten-panliten sastra Jawa mligine babagan kasusastran Jawa Anyar lan uga bisa ndadekake pangrembakane ilmu mligine babagan riptan sastra Jawa.
- 2) Tumrap piwulang sastra, panliten iki bisa digunakake minangka bahan pasinaon apresiasi lan didadekake sumber informasi ngenani kritik sastra.
- 3) Tumrap pamaca, panliten iki bisa nambahi kawruh ngenani perangane karya sastra, pigunane tintingan dhekonstruksi kanggo ngonceki karya sastra lan bisa menehi krenteg supaya luwih gampang anggone ngerteni lan mahami isi kang kinandhut ing serat *Asmarasupi*.

WEWATESANE TETEMBUNGAN

Supaya ora uwal saka konsep, mula panliten iki kudu ana wewatesane. Wewatesan sajrone panliten iki antarane, yaiku:

- 1) Dhekonstruksi yaiku carane maca teks kang katindakake kanthi menehi kawigaten tumrap gejala-gejala kang kasingitake utawa kang sengaja disingitake, kaya bab kang ora bener, paraga tambahan, wanita, lan sapanunggal (Ratna, 2009:239)
- 2) Oposisi biner yaiku strategi pambada adhedhasar rong unsur kang nduweni kosok balen sajrone *kesatuan* (Rohman, 2014:119). Sajrone oposisi biner kuwi ana salah sawijine unsur kang *diistimewakake* lan unsur liyane *dimarginalake* (Ungkang, 2013:33).
- 3) Katresna yaiku rasa tresna utawa asih (Poerwadarminta, 1939:193).

Wanodya sajrone konteks budaya Jawa asring sinebut minangka kanca wingking kang nasibe gumantung karo priya minangka sisihane (Sarwono sajrone Handayani, 2004:xi).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Teks Asmarasupi

Serat *Asmarasupi* mujudake sawijine teks kang populer ing pesisiran Jawa (*Menak, Rengganis, Panji, Ambiya*) (Behrend, 1990:241). Pamawas iki nuduhake yen teks kasebut minangka salah sawijine wiracarita kang ngrembaka ing periodhe sastra Jawa Pesisiran. Teks-teks *Asmarasupi* iki nduweni saperangan versi kang isi caritane uga beda. Laras karo pamawase Behrend (1990:241) kang ngandharake yen meh saben naskah *Asmarasupi* iki nduweni teks kang beda, lan kira-kira ana luwih saka 15 redaksi. Saperangan teks-teks *Asmarasupi* kuwi ana kang asale saka Surakarta, Yogyakarta, Cirebon, lan papan liyane. Disawang saka papan pangrembakane, yaiku saka Cirebon nganti tekan

Lombok, saka Pesisir mlebu menyang Pedhalaman, bisa didudut yen serat *Asmarasupi* iki wus suwi ngrembaka ing tanah Jawa (Behrend, 1990:242).

Wiracarita sajrone Kasusastran Jawa

Wiracarita mujudake sawijine kasusastran kang nyritakake ngenani pahlawan. Poerwadarminta (1939:664) ngandharake yen *wira* nduweni teges wong lanang utawa prajurit kang kendel. Bisa dingerteni yen wiracarita iki nyritakake ngenani paraga priya kang kendel lan diwenehi kalungguhan minangka pahlawan. Wiracarita sajrone kasusastran Jawa kuwi maneka warna, kaya ta: *Ramayana* lan *Mahabharata* saka India, carita *Panji* lan *Damar Wulan* asli Jawa, lan serat *Menak* kang diwenehi pangaribawa saka Persia lan Arab (Suwarni, 2016:85).

Akeh karya-karya sastra Jawa Anyar kang nggunakake tema kaprawiran, salah sawijine yaiku carita *Jaransari Jaranpurnama*. Jaransari minangka paraga kang nduweni kakuwatan kang linuwih, saliyane kuwi Jaransari uga digambarake minangka paraga “lelananing jagad”. Jaransari kerep digambarake minangka kasatriya kang kendel lan sekti, kanthi fisik Jaransari uga kerep dipadhake karo Dewa Kamajaya utawa Arjuna (Purnomo, 2014:134). Beda karo paraga Jaranpurnama kang minangka walikan saka paraga Jaransari. Paraga Jaranpurnama nduweni saperangan sipat negatif kang tuwuh sawise dilarani ati dening Jaransari. Purnomo (2014:135) ngandharake yen sawise rumangsa kuciwa marang tumindake Jaransari kang wus nguciwani, tuwuh amarah kang ndadekake owah-owahan sipate Jaranpurnama. Perangan iki nuduhake yen paraga kasatriya kaya Jaransari kuwi uga tau nguciwani sadulure dhewe. Mula bisa dingerteni yen senadjan kasatriyan, nanging Jaransari uga tau nindakake tumindak kang kurang becik tumrap sadulure.

Paraga-paraga sajrone wiracarita umume digambarake minangka paraga *superior* utawa digdaya dening pangripta. Kadigdayan utawa superioritas paraga-paraga sajrone karya kasebut kanthi tipikal digambarake nalika bisa menangkake sawijine paprangan, kanthi sipat kendel bisa ngadepi khanan kang kebak bebaya (Purnomo, 2014:128). Superioritas paraga-paraga utama sajrone wiracarita iki pranyata meh memper antarane siji lan liyane, nanging anane superioritas iki bisa ditandhingake karo sipat-sipate paraga liya kang dudu paraga utama.

Kaprawiran

Kaprawiran sajrone wiracarita mujudake tema carita mayor utawa tema utama. Kaprawiran kuwi kerep digayutake karo paraga utama priya kang dening pangripta digambarake minangka pawongan kang sampurna. Kaya pandhapuke paraga Rama sajrone *Ramayana* kang mujudake rengkarnasi saka Dewa Wisnu, paraga Pandhawa lima minangka katurunan saka para Dewa, lan paraga Panji minangka pahlawan kang luhur budine. Laras karo Purnomo (2014:128) kang

ngandharake yen kaprawirane para kasatriya sajrone wiracarita kuwi diandharake kanthi anane pangumbarane kang bisa tumuju menyang alam liya, uga pandhapuke paraga minangka utusan Dewa kang digambarake lumantar proses kelairane.

Katresnan sajrone Fiksi Jawa

Katresnan mujudake salah sawijine tema minor kang ana sajrone teks-teks wiracarita. Katresnan kang dikarepake ing kene yaiku rasa tresna tumrap lawan jinis, kaya rasa tresnane priya marang wanodya lan sawalike. Laras karo Anwar (2003:110) kang ngandharake yen tresna minangka rasa welas asih utawa anane kasengseman antarane priya lan wanodya, sajrone bab katresnan kuwi gegayutan karo prakara birahi, seneng, menahi rasa welas asih, tansah kelingan ing atine, nlangsa, bingung, sedih, lsp. Sesambungan katresnan antarane priya lan wanodya, uga dadi kakuwatane wanodya kanggo menahi pangaribawa tumrap tumindake priya. Kaya sawijine versi carita panji Kamboja kang nyritakake ngenani patemonane Eynao karo Bossaba. Isih kawitan ketemu, Eynao rumangsa gumun nyawang ayune Bossaba, dheweke rumangsa tresna lan kedanan marang sadulure kuwi (Poerbatjaraka, 1968:44). Ing perangan iki katon yen lumantar tresna, wanodya kaya Bossaba kuwi bisa ndadekake Eynao minangka priya rumangsa kedanan marang dheweke.

Pamarekan Struktur lan Dhekonstruksi

Konsep struktural miturut Endraswara (2003:51) yaiku mligi ing sesambungan antarane unsur pembangun teks karya sastra lan ndheleng karya sastra minangka teks otonom kang wigati ing aspek intrisik karya sastra. Aspek intrisik iki mujudake perangan kang wigati kanggo nganalisis karya sastra, jalaran ana sesambungan antarane unsur siji lan liyane kang bakal nuwuhake makna. Panganggone teori struktur mligine ing anane sesambungan, uga wigati sajrone teori postrukturalisme. Teori-teori postrukturalisme, saka negasi utawa afirmasi kang gegayutan karo prinsip-prinsip strukturalis uga manfaatake anane sesambungan kuwi kanthi maksimal (Ratna, 2013:77). Bisa dingerteni yen anane sesambungan iki mujudake sistem jaringan kang ngiket, uga menahi makna tumrap gejala-gejala kang bakal diandharake. Kaya panganggone teori struktur kang dimanfaatake kanggo mangerteni makna nalika arep nindakake panliten kanthi titingan dhekonstruksi.

Dekonstruksi mujudake pangrembakan saka pamarekan poststrukturalisme kang nganggep yen sajrone sistem mesthi ana pambada, dene pambada iki kang diarani oposisi biner. Sarup (1993:50) ngandharake yen dhekonstruksi yaiku cara maca teks kang teliti kanthi cara *ngintrogasi* teks, mbongkar lan nggoleki oposisi kang tinulis sajrone teks. Oposisi kang dikarepake ing kene yaiku sesambungan antarane tetembungan kang nduweni kosokbalen utawa perangan kang beda.

Ungkang (2013:30) ngandharake yen ing taun 1960 pamawas pamaca teks sastra wiwit nduweni

panemu anyar. Salah sawijine tokoh saka *fenomena* kasebut yaiku Jacques Derrida kanthi teorine yaiku dhekonstruksi. Salah sawijine konsep Derrida yaiku konsep 'jejak' (Budianta 2002:45-46). Perangan iki nuduhake yen sajrone kasunyatan, sistem tandha bisa njurung pawongan saka sawijine tandha tumuju tandha liyane kang nduweni gegayutan sajrone sesambungan *diferensial*, kang ora ana pungkasan lan ora bisa nggawa pawongan marang titik asal (origin) utawa pungkasan (telos).

Konsep dhekonstruksi kuwi ngupaya kanggo ngandharake bab-bab kang kurang wigati sajrone karya sastra, sakehe prakara kang kurang wigati iki bisa ndadekake karya sastra luwih apik. Prakara-prakara kasebut banjur diandharake lan dikaji nggunakake teori dhekonstruksi. Teori dhekonstruksi iki bakal digayutake karo panliten ing serat *Asmarasupi*, mligine tumuju marang paraga wanodya minangka paraga sajrone carita kang nduweni sesambungan karo paraga utama. Pawadan panliti nggunakake paraga wanodya, jalaran sajrone serat *Asmarasupi* iki paraga wanodya mujudake paraga kang kurang wigati lan nduweni saperangan oposisi kang narik kawigaten kanggo diteliti.

Pamaragan sajrone Pamarekan Dhekonstruksi

Pamaragan mujudake perangan wigati nalika arep nindakake dhekonstruksi kang gegayutan karo paraga sajrone carita. Lumantar pamarekan dhekonstruksi, pamaca bisa mangerteni sakabehe sipat kang dadi darbeke paraga-paraga tertamtu kanthi ngidentifikasi sakabehe andharan ngenani paraga kasebut supaya anggane maknani luwih bener. Levy-Straus (sajrone Nurgiyantoro, 2009:61) ngandharake cara maca wawasan dhekonstruksi iki uga diarani cara maca kembar utawa *double reading* amarga ana makna samar kang ditawakake, nanging uga ana kang ngetrepake teori dhekonstruksi. Mula anggane maca teks kuwi ora mung ngerteni makna kang sinurat, nanging uga makna kang sumirat.

Wanodya sajrone Fiksi Jawa

Kalungguhane wanodya kang isih kerep dianggep ing ngisore priya, mujudake panemu kang ora bisa diilangake nganti saiki. Pranyata wanodya isih dianggep ora nduwe daya lan uripe gumantung karo priya. Wanodya utawa wanita dumadi saka tembung *wani* lan *ditata* kang tegese yaiku wanodya minangka pawongan kang wani ditata. Paneges kasebut nuduhake yen uripe wanodya kuwi kudu ditata, bab iki njalari wanodya ora bisa nemtokake kekeparepane dhewe.

Wanodya kang ora bisa nindakake kekeparepane kuwi, nuduhake kalungguhane kang isih tansah dikiwakake. Minangka cara kanggo menahi pangowahan tumrap pamikiran kasebut, lumantar karya sastra manungsa bisa ngandharake kalungguhane wanodya kang pranyata nduweni kautaman. Karya sastra kang kerep ngandharake kalungguhane wanodya yaiku karya sastra Jawa, mligine karya sastra Jawa Pertengahan. Laras karo Suwarni (2014:49) ngandharake yen sajrone karya Jawa

Pertengahan, sawijine aspek kang ditengenake yaiku emansipasi. Priya lan wanodya nduweni kalungguhan kang padha, kang dadi pambedane mung kasempatan lan kodrate. Bab iki nuduhake yen sajrone karya sastra Jawa, wanodya uga diwenehi kalungguhan kang padha karo priya.

Landhesaning Teori

Panganggone teori minangka lelandesan kanggo nganalisis sawijine prekara ora bisa dilirwakake, jalaran teori kang dadi ancangan sajrone panliten kang ditindakake. Laras karo irah-irahan "*Kresnan minangka Kakuwatan Wanodya (Dhekonstruksi tumrap Teks Asmarasupi)*". Panliten iki nggunakake teori dhekonstruksi Derrida kanggo nganalisis sawijine objek karya sastra. Dhekonstruksi minangka pangrembakan saka poststrukturalisme kang sasuwine iki nolak anane sistem. Mula saka iku kang bakal dianalisis dudu makna kang optimal nanging makna plural. Ratna (2009:238-239) ngandharake yen cara maca dhekonstruksi katindakake kanthi menahi kawigaten tumrap gejala-gejala kang kasingitake utawa kang sengaja disingitake, kaya bab kang ora bener, paraga tambahan, wanodya, lan sapanunggal.

Panliten iki uga nggunakake prinsip struktural. Konsep struktural miturut Endraswara (2003:51) mligi ing sesambungan antarane unsur pembangun teks karya sastra lan ndheleng karya sastra minangka teks otonom kang wigati ing aspek intrisik karya sastra. Unsur intrisik iki digunakake kanggo mangerteni kalungguhane sawijine paraga sajrone carita, jalaran anane sesambungan unsur kang bakal nuduhake makna kang kinandhut sajrone carita. Saengga kanthi mangerteni sesambungan unsur kasebut, bisa nuduhake anane bab-bab kang sumirat sajrone teks AS.

Bab kang sumirat ing kene yaiku perangan-perangan kang sengaja disingitake dening pangripta. Sajrone wiracarita kaya teks AS iki, kalungguhane paraga wanodya tansah dianggep kurang wigati lan luwih nengenake kalungguhane paraga priya minangka satriya. Bab iki nuduhake yen ana oposisi kang kinandhut sajrone teks AS, mligine ngenani pandhapuke paraga wanodya. Ana saperangan bab kang sumirat gegayutan karo pandhapuke paraga wanodya, mligine ngenani sesambungan katresnane karo paraga utama.

METODHE PANLITEN

Panliten kanthi irah-irahan *Katresnan minangka Kakuwatan Wanodya (Dhekonstruksi tumrap Teks Asmarasupi)* kalebu panliten kualitatif deskriptif. Panliten kualitatif yaiku panliten kang ditindakake kanthi ora nengenake angka-angka, nanging nengenake penghayatan tumrap interaksi antarane konsep kang digunakake kanthi cara empiris (Endraswara, 2003:5). Metodhe deskriptif analitik digunakake sajrone panliten iki supaya bisa ngandharake fakta-fakta ngenani paraga wanita sajrone teks AS. Ratna (20013:53) metodhe deskriptif analitik ditindakake kanthi cara

ndeskripsikake fakta-fakta kang sabanjure diwenehi analisis. Mula sajrone panliten iki bakal ngandharake fakta-fakta sajrone teks AS kanthi nggunakake pamarekan dhekonstruksi.

Sumber Data

Sumber data kang digunakake ing panliten iki yaiku teks Asmarasupi anggitané Pakubuwana IX kang wus dialih aksara dening Mulyono Sastronaryatmo. Teks AS diterbitake dening Balai Pustaka Jakarta taun 1983.

Data

Data kang digunakake sajrone panliten iki awujud tetembungan lan ukara kang awujud metrum tembang macapat sajrone teks AS, mligine ukara kang nduweni gegayutan karo daya tresnane wanita. Ukara-ukara kasebut minangka cuplikan lan bukti anane *kontradiksi* sajrone teks AS. Cuplikan kasebut sabanjure bisa mangsuli prakara-prakara sajrone panliten iki.

INSTRUMEN PANGUMPUL DATA

Instrumen panliten ing kene dibedakake dadi rong jinis adhedhasar sipat data lan jinis panliten, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti, amarga ing kene panliti mujudake instrumen kang nyusun ancangan panliten, ngumpulake data, ninting data, lan nyusun laporan asiling panliten. Laras karo Sugiyono (2013:59) kang ngandharake yen ing panliten kualitatif, kang dadi instrumen utawa alat pangumpul data yaiku panliti dhewe. Dene instrumen panyengkuyunge yaiku buku cathethan. Buku cathethan iki digunakake kanggo nyathet saperangan data-data, uga mujudake piranti kanggo nyathet asiling panliten.

TATA CARA PANGUMPUL DATA

Maca teks

Tata cara kawiwitan kang prelu ditindakake yaiku maca teks. Maca teks ditindakake supaya bisa ngerti isine teks AS. Ora mung maca, nanging kudu bisa paham ngenani makna sajrone carita. Pamahaman iki ora mung tumuju marang perangan-perangan kang sinurat, nanging uga perangan kang sumirat gayut karo bab-bab kang bakal ditintangi.

Merang isine teks

Sawise maca teks, perangan kang prelu katindakake yaiku merang isine teks. Perangan iki adhedhasar saka underane panliten kang gegayutan karo tintingan dhekonstruksi sajrone teks AS yaiku ngenani: a) kalungguhane paraga utama lan paraga wanodya, b) karakteristik paraga wanodya, c) katresnane paraga wanodya. Perangan underan panliten iki bisa diperang maneh laras karo data kang arep digunakake.

Nyathet data

Nyathet data ing kene nggunakake system tandha, yaiku kanthi menahi tandha marang tetembungan lan ukara-ukara kang gegayutan karo perangan teks. Tandha iki

arupa garis kanthi werna kang beda-beda supaya nggampangake nalika arep nyathet data. Sawise menahi tandha, tetembungan lan ukara mau dicathet kanthi tliti. Samubarang andharan sing ngemu pesen lan gegayutan karo underane panliten dicathet, saliyane kuwi uga nyathet tembung kang ora dingerteni.

TATA CARA PANINTINGE DATA

Panintinge data kanthi teori dhekonstruksi kuwi sawijine pangupaya kanggo ngangkat perangan kang kurang wigati sajrone karya sastra, banjur mbongkar oposisi biner kanthi cara malik oposisi biner yaiku marginal dadi dominan. Perangan kang perlu ditindakake nalika nintingi data yaiku:

- 1) Ngidentifikasikake oposisi biner sajrone teks Asmarasupi

Ngidentifikasikake oposisi biner yaiku nggoleki sawijine unsur kang marginal. Laras karo pamase Ungkang (2013:33) kang ngandharake yen sajrone oposisi biner kuwi ana salah sawijine unsur kang diistimewakake lan unsur liyane dimarginalake. Sajrone teks AS iki didominasi karo caritane Raden Asmarasupi minangka paraga priya lan paraga utama, mula katemokake yen anane paraga wanodya sajrone teks AS iki mujudake oposisi biner sajrone teks kang sabanjure bakal diangkat nganggo teori dhekonstruksi.

- 2) Konsep *Decentring*

Konsep *decentring* mujudake sawijine konsep sajrone pamarekan dhekonstruksi kang diandharake dening Derrida. Ratna (2013:225) ngandharake yen konsep *decentring* katindakake kanthi mangerteni lan ngandharake perangan-perangan kang kurang wigati, kayata: catatan kaki, paraga tambahan, teman minor, paraga wanita. Perangan iki bakal ngandharake anane kaluwihan-kaluwihan kang dadi darbeke paraga wanodya minangka paraga sajrone carita, mligine ngenani sesambungan katresnane karo parag utama kang nduweni saperangan kontradiksi. Norris (2006:12) ngandharake yen panganggone pamikiran dhekonstruksi diwiwiti kanthi ndhudah perangan-perangan kang ora kapikirake lan samubarang kang ora oleh dipikirake. Lumantar pamarekan dhekonstruksi, panliti bakal nduduh saperangan makna sumirat sajrone teks AS kang ora kapikirake dening pamaca.

- 3) Njlentrehake gagasan anyar

Asil saka andharan panliten kasebut bakal ngasilake pamikiran anyar kang ora bisa dipadhakake karo oposisi sadurunge. Andharan sajrone panliten iki mujudake fakta kang sengaja disingitake dening pangripta supaya carita luwih dramatis. Paraga-paraga wanodya sajrone teks AS iki pranyata nduweni karakter kang becik, saliyane kuwi uga ana saperangan kontradiksi ngenani katresnane paraga wanodya karo Raden Asmarasupi minangka paraga utama. Perangan iki kang bakal nuduhake anane gagasan anyar sajrone teks Asmarasupi.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Teks Asmarasupi

Teks AS nyritakake ngenani Raden Asmarasupi kang ora gelem didadekake Ratu, lan luwih milih kanggo ngumbara sinau agama. Sajrone pangumbarane kuwi, dheweke tansah pikantuk saperangan ilmu lan kasekten kang bisa ngatonake kaprawirane. Perangan kasebut nuduhake yen sajrone teks AS, Raden Asmarasupi diwenehi kalungguhan minangka paraga utama kang kaprawirane tansah ditengenake. Bab iki uga nuduhake yen dheweke nduweni kalungguhan kang luwih *dominan* tinimbang paraga liyane, mligine paraga-paraga wanodya. Pamawas iki ngatonake anane *oposisi biner* ngenani kalungguhane paraga utama yaiku Raden Asmarasupi kalawan paraga wanodya minangka sisihane, jalaran ing kene kalungguhane paraga utama tansah ditengenake lan paraga wanodya dikiwakake.

Oposisi Kalungguhane Paraga Utama lan Paraga Wanodya

Paraga Utama (Priya)	Paraga Wanodya
Wicaksana	Lara Brangta
Seneng Tetulung Sekti	Nirdaya
Lelaning Jagad	Dijodhohake
Gandrung Ilmu	Dadi Beban
Kasatriya kang Bandakala	

Saka tabel oposisi ing ndhuwur bisa dingerteni yen paraga utama priya yaiku Raden Asmarasupi tansah digambarake minangka pawongan kang becik, beda karo pandhapuke paraga wanodya kang diandharake kanthi kurang becik. Perangan iki nuduhake yen Paraga utama priya sajrone teks AS iki tansah ditengenake, lan anane paraga wanodya tansah dikiwakake.

Malik Previlise Paraga Wanodya (Konsep *Decentring*)

Konsep *decentring* miturut Derrida (sajrone Ratna, 2013:225) yaiku pangupaya kanggo nemokake *pusat-pusat* anyar kang nduweni gegayutan karo sawijine *pusat*, utawa struktur tanpa *pusat* lan tanpa *hierarki*. Konsep kasebut kantindakake kanthi cara mangerteni lan ngandharake perangan-perangan kang dianggep kurang wigati, yaiku kanthi cara menahi kawigaten tumrap pandhapuke paraga wanodya sajrone carita. Konsep iki mujudake *inti* saka pamarekan dhekonstruksi. Ing kene posisi paraga-paraga wanodya kang *marginal* bakal diwalik dadi posisi *dominan*. Kanthi ngandharake karakteristik kang dadi darbeke paraga wanodya, bisa nuduhake kautamane minangka paraga kang wigati sajrone carita.

Paraga wanodya sajrone teks AS pranyata nduweni kautaman kang bisa didadekake tuladha. Paraga-paraga wanodya nduweni karakter kang beda karo karaktere priya. Senajan dudu satriya kaya Raden Asmarasupi, nanging kanthi gambaran karakter sajrone carita bisa ndadekake wanodya minangka pawongan kang nduweni kawigaten linuwih. Karakteristike paraga wanodya sajrone teks AS, antarane yaiku:

Putri kang Nengsemake

Paraga-paraga wanodyas ajrone teks AS digambarake minangka putri kang nengsemake. Nengsemake nduweni teges njalari sengseming ati (Poerwadarminta, 1939:343). Paraga wanodya minangka putri nduweni pasuryan kang ayu, saengga bisa ndadekake para priya kang sapisanan ketemu rumangsa kesengsem. Perangan iki uga dadi kadigdayane wanodya kanggo ngowahi panguripane. Kanthi migunakake wewatak *feminime* minangka putri kang nengsemake, paraga wanodya iki gampang banget anggone narik kawigatene priya kanggo bisa nresnani dheweke.

Putri kang nengsemake salah sawijine yaiku Retna Candrapuspita. Retna Candrapuspita digambarake minangka putri kang dadi pemimpine pasukan jin ing nagari Serandil. Pasuryane kang ayu, ndadekake Ratu raksesa rumangsa kesengsem lan pengin ndadekake Retna Candrapuspita sisihane. Kekarepane Ratu raksesa iki ora disarujuki dening Retna Candrapuspita, dheweke nulak lamarane Ratu raksesa saengga ndadekake Ratu Raksesa murka. Kedadeyane bisa kawawas ing pethikan ngisor.

Tigang wulan wau Raden Mantri
dennya awor lawan satu-kewan
sadasa dina punjule
kuneng wau winuwus
nengguh wonten kedhaton Ejim
turun Nabi Suleman
punika cinatur
wanodya endah warnanya
akekitha suking ardi Serandhil
Retna Candrapuspita.

Amarentah ejim patanga kethi
samya sujud mring srandail Nagara
sang Retna Prabu ing mangke
balanira prang pupuh
lawan prabu ditya ngajrihi
bebukane linamar
sang Retna tan ayun
mila temah bangtayuda
kayangane wau sang Dewa Putih
sukune wukir Ekap (P II, 25-26)
(Sastronaryatmo, 1983:196)

Pethikan iki nggambarake praupane Retna Candrapuspita kang nengsemake, saengga bisa narik kawigatene Ratu raksesa kanggo ndadekake dheweke minangka sisihane. Ratu raksesa kang wus rumangsa tresna marang Retna Candrapuspita kuwi mutusake kanggo nglamar dheweke, nanging lamaran kuwi ditolak dening Retna Candrapuspita. Kedadeyan kasebut nggambarake anane wewatak *feminism* kang dadi darbeke wanodya. Kathi wewatak *feminim* iki Retna Candrapuspita bisa narik kawigatene Ratu raksesa nganti pengin ndadekake dheweke minangka sisihan. Perangan iki uga nuduhake kapinterane Retna Candrapuspita minangka putri kang ayu lan nengsemake, jalaran

dheweke tansah bisa milih priya kang pantes kanggo dadi sisihane.

Kendel

Kendel mujudake salah sawijine sipat paraga-paraga wanodya sajrone teks AS. Miturut Poerwadarminta (1939:208) kendel nduweni teges nduwe kewanen utawa ora jirih. Paraga-paraga wanodya ing kene digambarake minangka pawongan kang nduwe kewanen, dheweke lila ngurbanake panguripane kanggo bisa nyenengake liyan. Senajdan panguripane dhewe prihatin lan kebak kasengsaran, paraga-paraga wanodya iki bisa ngowahi kahanan kasebut kanthi ngatonake sipat kendele.

Retna Candrapuspita minangka paraga wanodya kang nduweni sipat kendel. Kanggo bisa nindakake tanggung jawabe marang pasukane, dheweke lila didadekake bebana kanggo satriya kang bisa menehi pitulungan marang dheweke lan ngalahake Ratu raksesa. Sipat kendele Retna Candrapuspita bisa kawawas ing pethikan ngisor iki.

Para ditya yudane tan ajrih
sang Dyah ayu kasoran yudanya
us kineping negarane
tintrim kapit sang Ayu
mila kawon karobat tandhing
Retna Candrapuspita
angandika arum,
Bapa embah paran karsa
ngulatana minta sraya ing ajurit
ingsun dadya ganjaran. (P II, 27)
(Sastronaryatmo, 1983:196)

Pethikan iki nuduhake sipat kendele Retna Candrapuspita kang lila didadekake bebana. Minangka pamimpin, Retna Candrapuspita rumangsa nduweni tanggung jawab marang pasukane. Pawadan iki ndadekake dheweke kudu ngurbanake panguripane kanggo dadi bebana, supaya bisa nylametake pasukane kang wus kalah sajrone paprangan kalawan raksesa. Perangan iki nuduhake yen wanodya kuwi dudu paraga kang nirdaya, dheweke uga bisa dadi satriya kaya dene priya. Kanthi migunakake sipat kendele, wanodya bisa uwal saka panguripane kang prihatin. Kaya kang wus ditindakake dening Retna Candrapuspita iki. Senajan kanthi cara dadi bebana, nanging tumindake Retna Candrapuspita iki nggambarake sipat kendele minangka pamimpin kang nduweni rasa tanggung jawab.

Bisa Dipercaya

Paraga wanodya sajrone teks AS uga mujudake wanodya kang bisa dipercaya. Senajan kalungguhane tansah dikiwakake sajrone carita, nanging dheweke uga bisa dadi wanodya kang nduweni kautaman. Salah sawijine kautaman kang dadi darbeke wanodya yaiku tansah netepi janjine. Wanodya minangka pawongan

kang setya, pawadan iki nuwuhake sipate wanodya kang tansah bisa dipercaya.

Wanodya kang bisa dipercaya bisa kawawas ing kedadeyane Retna Candrapuspita. Jalaran wus nduweni jaji marang Raden Asmarasupi kang gelem nulungi dheweke, Retna Candrapuspita kudu netepi jajine kanggo dadi sisihane Raden Asmarasupi. Ora gampang kanggone Raden Asmarasupi precaya marang janjine Retna Candrapuspita, nanging Retna Candrapuspita tetep ngupaya kanggo ngowahi pamikiran Raden Asmarasupi kaya ing pethikan iki.

Kerut galihe Rahadyan
amiyarsa turira sang Retnadi
sang Narpa-sunu anuhun
nggih ingsun ngleganana
pundi wonten manungsaamungsuh diyu
yen jasad kawula pejah
sinten ingkang rabi putri.

Masa bebathing rabiya
durung mukti atemah nemu mati
Sang Retna Juwita muwus
inggih masa gothanga
yen paduka kasambut ing aprang pupuh
katagiha ing ngayunan
kula belahi sang Pekik. (P III, 20-21)
(Sastronaryatmo, 1983:204)

Pethikan iki mujudake cecaturan antarane Raden Asmarasupi karo Retna Candrapuspita. Kedadeyane nyritakake yen Raden Asmarasupi rumangsa bingung, jalaran dheweke wedi yen bisa mati sajrone paprangan kalawan bangsa raksesa. Saliyane kuwi dheweke uga ora precaya marang janjine Retna Candrapuspita, kabukti saka pangucap kang kebak pasemon kaya ing pethikan kasebut. Senajan ora precaya marang janjine Retna Candrapuspita, nanging Retna Candrapuspita tansah precaya marang kasatriyane Raden Asmarasupi. Kaprecayane Retna Candrapuspita ndadekake dheweke tansah ngupaya kanggo ngowahi pamikiran Raden Asmarasupi. Bab iki nuduhake yen Retna Candrapuspita minangka paraga wanodya kang bisa dipercaya, dheweke uga tansah ngupaya kanggo bisa netepi janjine.

Gagasan Anyar

Perangan iki bakal ngandharake pamawas anyar ngenani kalungguhane paraga wanodya kang sadurunge dikiwakake, nanging pranyata nduweni kawigaten linuwih nalika disawang saka katresnane. Lumantar tresna, paraga-paraga wanodya iki bisa nuduhake kakuwatane kang bisa menehi pangaribawa tumrap kaprawirane paraga utama. Kanthi migunakake katresnane, dheweke uga bisa uwal saka panguripane kang sengsara tanpa prelu pangupaya.

Lumantar katresnane paraga-paraga wanodya iki, paraga utama uga bisa pikantuk kasekten kang dadi kagunane. Perangan iki

nuduhake yen paraga utama yaiku Raden Asmarasupi uga mbutuhake pitulungane liyan kanggo bisa ngolehke kasekten kang dadi kagunane minangka satriya, jalaran saperangan kasektene kuwi diolehake sawise dheweke nduweni sesambungan katresnan karo paraga-paraga wanodya minangka sisihane.

Kedadeyan kang nuduhake yen Raden Asmarasupi mbutuhake pitulungan saka paraga liya yaiku nalika dheweke tapa sawise nindakake paprangan kalawan Ratu raksesa. Ing kene dheweke ketemu karo Nabi Kilir lan diwenehi kasekten *bala sarewu* kang bakal dadi kagunane kanggo ngalahake Ratu raksesa. Kedadeyan iki bisa kawawas ing pethikan ngisor.

Ingsun iki iya Nabi Kilir
babo warengingong
arsa mejang ingsun ing dheweke
pan kabotan mamungsuh raseksi
wateken ta iki
kang bala sarewu.

Yen wus wijang wateken ing benjing
tengahing palugon
iya kono iku ing sirnane
apan iya muliha den aglis
ya si Candrapuspita
sanget marasipun. (P VI, 8-9)
(Sastronaryatmo, 1983:219)

Pethikan iki nuduhake yen minangka satriya, Raden Asmarasupi uga mbutuhake pitulungane paraga liya. Dheweke mbutuhake pitulungane Nabi Kilir, jalaran kaskten *bala sarewu* kuwi kang bisa ngalahake Ratu raksesa sajrone paprangan. Ing pethikan kasebut uga ngandharake yen Nabi Kilir ngutus supaya Raden Asmarasupi bali menyang keraton Serandil, jalaran Retna Candrapuspita rumangsa kuwatir. Perangan iki uga nuduhake yen anane sesambungan anatarane Raden Asmarasupi karo Retna Candrapuspita kuwi ndadekake dheweke pikantuk pitulungan saka Nabi Kilir.

Raden Asmarasupi uga digambarake minangka pawongan kang ora nduweni rasa tanggung jawab marang sisihane, bisa kawawas nalika dheweke pamit marang sisihane kanggo ngumbara golek ilmu. Nalika kuwi Raden Asmarasupi lagi ing paturonan karo sisihane yaiku Retna Candrapuspita, dheweke pamit marang sisihane kanggo bisa nerusake lakune. Kedadeyan kaya ing pethikan iki.

Ingsun arsa alelana
nutugaken karsamami
apani ngong nora lawan
yen rahayu nuli bali
kendel sang Retna dewi
tumungkul sarwi rawat luh
matur wau sang Ratna
bok sampun kesahs ang Pekik

awelasa inggih dhumateng kawula. (P IX, 2) (Sastronaryatmo, 1983:235)

Pethikan iki ngandharake yen Raden Asmarasupi kuwi ora nduweni rasa welas lan tanggung jawab, dheweke luwih nengeneke pepinginane kanggo ngumbara golek ilmu tinimbang ngampingi sisihane ing keraton. Dheweke uga ndadekake Retna Candrapuspita minangka sisihane rumangsa sedhik jalaran arep ditinggalake. Perangan iki nuduhake yen Raden Asmarasupi ora bisa ngutamakake katresnane marang Retna Candrapuspita, jalaran dheweke arep ninggalake sisihane kuwi kanggo ngumbara.

Dene paraga wanodya tansah bisa nuduhake tanggung jawabe minangka sisihan. Kaya kedadeyan nalika Raden Asmarasupi arep budhal ing paprangan. Retna Candrapuspita ngutus supaya Raden Asmarasupi mlebu ing keputren, dheweke pengin menehi sawijine senjata marang calon sisihane kuwi supaya bisa menangake paprangan. Kedadeyane bisa kawawas ing pethikan iki.

Sang Retna Candrapuspita
arum ngendika mring cethi
aturana Raden Putra
mlebu ing kenyanjuri
emban tur sembah mijil
kerit risang Narpasunu
lawan Ki Sangubrangta
prapta ngarsane sang Putri
yata mesem Retnayu Candrapuspita.

Raden paduka milih
gegamane gedhong luwih
sagug wasiyat sadaya
kagugane Kanjeng Nabi
suleman kang suwargi
pan akathah aneng ngriku
waiyat Jeng Suleman
sakawan warni camethi
kang satunggal punika wonten kawula. (P
IV, 22-23) (Sastronaryatmo, 1983:211)

Pethikan iki nggambarake yen Retna Candrapuspita minangka wanodya kang tanggung jawab. Kanggo nuduhake rasa tanggung jawabe kuwi, dheweke ngutus supaya Raden Asmarasupi njupuk sawijine senjata kang bisa digunakake ing paprangan. Minangka calon sisihane Raden Asmarasupi, Retna Candrapuspita nduweni tanggung jawab kanggo njaga kaslametane sisihane. Pawadan iki kang ndadekake Retna Candrapuspita menehi senjata marang Raden Asmarasupi, supaya bisa slamet sajrone paprangan. Bab iki uga nuduhake yen paraga wanodya kaya Retna Candrapuspita uga mujudake kasatriya, jalaran dheweke bisa menehi pangaribawa tumrap kasatriyane Raden Asmarasupi.

Kedadeyan mau nuduhake sipat tanggung jawab wanodya minangka sisihan. Lumantar rasa tresnane, paraga-paraga wanodya bisa nindakake

tanggung jawabe marang sisihane kanthi tumemen. Saliyane tanggung jawab, paraga wanodya uga katon bekti lan ngormati Raden Asmarasupi minangka sisihane. Rasa tresnane marang Raden Asmarasupi uga ndadekake paraga-paraga wanodya iki minangka pawongan kang kendel, kanthi rasa tresnane kuwi dheweke lila kanggo kelangan nyawa supaya bisa nindakake tanggung jawab. Perangan iki nuduhake yen tresnane minangka kakuwatan wanodya kang bisa nuwuhake sipat kendele. Jalaran katresnane, wanodya lila kelangan nyawa kanggo nuduhake rasa tanggung jawabe marang sisihane. Sewalike, Raden Asmarasupi minangka sisihan malah katon ora bisa nindakake tanggung jawabe marang paraga-paraga wanodya. Dheweke malah milih kanggo ngumbara sinau agama, tinimbang urip bebarengan karo kaluwarga lan sisihane. Bab iki nuduhake yen Raden Asmarasupi kuwi ora bisa nindakake tanggung jawab minangka sisihan, lan malah ndadekake paraga-paraga wanodya minangka sisihane rumangsa sedhik.

PANUTUP

Dudutan

Dhekonstruksi kang wus katindakake ngatonake anane *oposisi biner* ngenani kalungguhane paraga utama yaiku Raden Asmarasupi kalawan kalungguhane paraga wanodya. Panliten iki uga ngandharake anane perangan-perangan kang kasingitake sajrone teks *Asmarasupi* yaiku ngenani katresnane paraga wanodya minangka sisihan.

Paraga utama yaiku Raden Asmarasupi diwenehi kalungguhan minangka satriya kang nduweni saperangan sipat kaprawiran. Nanging ana saperangan sipat kaprawirane kang diolehake sawise dheweke nduweni sesambungan karo paraga wanodya, jalaran ing kene nuduhake yen kasekten minangka kagunane Raden Asmarasupi kuwi diolehake sawise dheweke sesandhingan karo paraga wanodya minangka sisihane. Kalungguhane paraga wanodya kang tansah dianggep kurang wigati jalaran dheweke isih didakake bebana kanggone kasatriya kang wus menehi pitulungan, nanging anane paraga wanodya iki uga bisa menehi pangaribawa tumrap kaprawirane Raden Asmarasupi minangka satriya.

Kalungguhane paraga wanodya kang sadurunge kurang wigati bisa diwalik kanthi anane konsep *decentring* sajrone pamarekan dhekonstruksi. Perangan iki ngandharake karakteristik paraga wanodya minangka putri kang nengsemake, saengga dheweke bisa nuwuhake katresnane para priya mligine Raden Asmarasupi minangka kasatriya. Paraga wanodya uga minangka pawongan kang kendel lan bisa dipercaya.

Sesambungan katresnan antarane Raden Asmarasupi minangka paraga utama karo paraga-paraga wanodya, nuduhake yen kalungguhane paraga wanodya iki luwih wigati. Wanodya minangka sisihan kuwi bisa nindakake tanggung jawab kanthi tumemen, dheweke tansah bisa ngormati lan ngabekti marang sisihane. Beda karo Raden Asmarasupi kang tansah luwih nengeneke kekarapane kanggo ngumbara sinau agama, saengga dheweke kudu ninggalake kaluwarga lan sisihane.

Paraga-paraga wanodya iki uga nudeweni rasa setya tumrap sisihane, dheweke lila kanggo pepisan karo sisihane supaya bisa nyenengake atine Raden Asmarasupi minangka sisihane. Jalaran kanggone wanodya kang wus pala krama, pepingine priya minangka sisihane kuwi luwih utama tinimbang pepingine dhewe. Dene Raden Asmarasupi minangka sisihane, malah katon ora nduweni rasa setya, jalaran ing kene dheweke nduweni sesambungan karo telu paraga wanodya minangka sisihane. Perangan pungkasan kuwi mujudake anane gagasan anyar ngenani katresnan minangka kautamane paraga wanodya kang bisa ngalahake kaprawirane Raden Asmarasupi minangka paraga utama.

Pamrayoga

Carita sajrone teks *Asmarasupi* iki bisa menehi tuladha tumrape pamaca, mligine ngenani pangupayane manungsa kanggo nggayuh pepingine. Lumantar kalungguhane paraga utama, pangripta ngupaya kanggo ngandharake wewatake satriya kang tansah dianggep sampurna. Pangripta uga ngandharake kalungguhane paraga wanodya kang sasuwine iki isih kerep dikiwakake, nanging sajrone kalungguhane kuwi pangripta uga ngandharake kakuwatane wanodya kang kagambar lumatar katresnane. Mula pamaca kudu ngerti lan tliti nalika nyinaoni sawijining bab, amarga ora kabeh kang becik kuwi bisa dadi becik, lan apa kang ala tansah disawang ala.

KAPUSTAKAN

- Al-Fayyadl, Muhammad. 2005. *Derrida*. Yogyakarta: LKiS Pelangi Angkasa
- Aminudin. 1991. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru.
- _____. 1999. *Dekonstruksi dan Proses Pemaknaan Teks dalam Bambang Kawanti P (ed). Kajian Serba Linguistik*. Jakarta: UKI Atmajaya dan Gunung Mulia.
- Anwar, Desy. 2003. *Kamus Lengkap Bahasa Indonesia*. Surabaya: AMELIA.
- Arikunto, Suharsini. 2006. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Barry, Peter. 2010. *Beginning Theory: Pengantar Komprehensif Teori Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Behrend, T E. 1990. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Jilid I Musium Sonobudoyo Yogyakarta*. Yogyakarta: Djambatan
- Budianta, Melani. 2002. *Teori Sastra Sesudah Strukturalisme: dari Studi Teks Wacana Budaya, makalah bahan Pelatihan Teori dan Kritik Sastra*. Jakarta: Pusat Penelitian Kemasyarakatan dan Budaya Lembaga Penelitian Universitas Indonesia, tanggal 27-30 Mei 2002.
- Budianta, Melani dan Riris K Toha Sarumpeat. 2010. *Rona Budaya: Festschrift untuk Sapardi Djoko Damono*. Jakarta: Penerbit OBOR.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Faruk. 1995. *Perlawanan Tak Kunjung Usai*. Yogyakarta: MedPress.
- Handayani. Christina S dan Ardhian Novianto. 2004. *Kuasa Wanita Jawa*. Yogyakarta: LKiS.
- Norris, Christopher. 2008. *Membongkar Teori Dekonstruksi Jacques Derrida*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Poerbatjaraka. 1986. *Cerita Panji dalam Perbandingan*. Terjemahan Zuber Usman, Djakarta, Gunung Agung.
- Poerwadarminta, WJS. 1939. *Baoesastra Djawa*. Jakarta: J.B Wolter's Uigeverest Maatschappij
- Purnomo, S. Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: CV. Bintang.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra: Dari Strukturalisme Hingga Postrukturalisme Perspektif Wacana Naratif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. 2013. *Teori, Metode, Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Samani, Muchlas & Hariyano. 2012. *Pendidikan Karakter*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Sarup, Madam. 2008. *Panduan Pengantar untuk Memahami Postrukturalisme dan Postmodernisme*. Yogyakarta: Jala Sutra.
- Sastronaryatmo, Mulyono dan Sasmingun 1983. *Serat Asmarasupi*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Siswantoro. 2010. *Metodhe Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Penerbit Pustaka Pelajar
- Sudaryanto, dkk. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Jawa.
- Sugiyono. 2013. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabeta
- Suwarni. 2009. *Pengantar Studi Sastra Jawa Kuna*. Surabaya: Bintang
- _____. 2014. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Bintang
- Suwarni, dan Sri Wahyu Widayati. 2016. *Sastra Jawa Klasik Antara Kreasi dan Adaptasi*. Surabaya: Bintang
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Ungkang, Marcelus. 2013. *Dekonstruksi Jacques Derrida sebagai Strategi Pembacaan Teks Sastra*. Malang: Universitas Negeri Malang.
- Wellek, Rene dan Austin Werren. 1995. *Teori Kasusastraan*. Jakarta: Gramedia.
- Adila, Nur Qibtiyah. 2016. *Dekonstruksi Epos Ramayana Karya Rajagolapachari*. Surabaya: Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia. Unesa. Skripsi.
- Agustin, Pratika W. 2016. *Perjuangane Paraga Wanita Planyahan sajrone Cerbung Lintang-Lintang dadi Seksi Anggitane Sawitri (Tintangan Dhekonstruksi)*. Surabaya: Pendidikan Basa lan Sastra Jawa. Unesa. Skripsi.